

**Revokasyon Madam Sandy François nan Direksyon Jeneral MKFDF la :
yon desizyon ki febli plis toujou dwa fanm yo.**

Nou menm, òganizasyon feminis, òganizasyon fanm ak pèsonalite ki angaje nan defans dwa fanm, nou kondane desizyon Premye Minis la, Mesye Alix Didier Fils-Aimé, pran pou revoke Madam Sandy François, yon kad pwofesyonèl ki genyen plis pase trant (30) lane eksperyans anndan menm Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm (MKFDF) la, nan pòs Direktris Jeneral la, pou ranplase li ak Mesye Hermanex Gonzague Désir.

Nou dwe souliye kantite fanm ki okipe pòs direksyon jeneral yo desann kounye a a sèlman twa (3) sou yon total dizwit (18) ministè. Sitiyasyon sa a byen lwen garanti egalite ak kota minimòm 30 % fanm nan fonksyon piblik yo, jan Konstitisyon ayisyèn nan prevwa sa. Yon aksyon konsa, kote Premye Minis la retire yon fanm nan tèt sèl enstitisyon Leta ki gen misyon espesyal pou defann epi fè pwomosyon dwa fanm ak tifi ayisyèn yo, montre klèman eksklizyon fanm nan gouvènans nasyonal la pa yon aza, men pito yon chwa politik ki fèt aklè.

Li enpòtan pou nou raple demach Premye Minis la antre nan yon seri pratik ki deja ap mete dwa fanm ak tifi sou kote, kontrèman ak angajman politik ki te anonse pou yon tranzisyon ki jis ak ekita. Aksyon sa yo reprezante yon vyolasyon klè obligasyon nasyonal ak entènasyonal Ayiti genyen epi mete avni peyi a an danje. Nan kontèks kriz ak peryòd elektoral n ap viv la, febli plis toujou patisipasyon fanm anndan MKFDF la se yon atak grav kont dwa fanm yo.

Ministè sa a se rezilta plizyè dizèn lane lit ak mobilizasyon mouvman feminis ayisyen an pou genyen yon enstitisyon ki kapab konbat diskriminasyon epi entegre dwa fanm nan politik piblik nasyonal yo. Mete enstitisyon sa a pi lwen toujou de prensip ekite ak reprezantasyon, pandan se fanm ki te bati li pou fanm, montre dwa fanm yo pa yon priyorite pou otorite aktyèl yo. Reyalite sa a dwe pouse nou genyen yon lekti pi kritik sou tout angajman ak deklarasyon gouvènman an fè sou kestasyon egalite ant sèks yo.

Yon desizyon konsa dwe pouse nou tout, kolektivman, nan yon mobilizasyon imedya, solid e san okenn konpwomi.

SIYATÈ YO :

1. NÈGÈS MAWON
2. Organisation Féministe MARIJÀN
3. Fondation Toya
4. OEFE
5. SANPOUSAN FANM
6. RÈG
7. OTRAH

8. UPROFEM
9. Fanm Deside
10. REFKAD
11. Mouvman Fanm Vizyonè Dayiti
12. Rassemblement des Femmes Engagée de Ouanaminthe
13. KRIFA
14. MOFAVIDA
15. NWAYO FANM DAYITI
16. Platfòm Fanm Angaje pou Ayiti
17. Organisation des Femmes Leaders pour le Développement
18. Collectif des Femmes pour une Meilleure Alternative Sociale
19. Òganizasyon Fanm Fanmi a
20. Solidarite Famm Lakay
21. Institute for Justice and Democracy in Haiti (IJDH)
22. Bureau des Avocats Internationaux (BAI)
23. Réseau Pluriel des Femmes de Partis politiques
24. FIEF
25. ENFOFANM
26. DEMWAZÈL
27. Haitian Women's Collective
28. KareDrew Haitian Children's Foundation, Inc.
29. Quixote Center
30. Center for Gender & Refugee Studies
31. Unitarian Universalist Service Committee (UUSC)
32. New England Human Rights (NEHRO)
33. Zantray Fanm Kreyòl

34. La troupe Makandal
35. Haitian Neighborhood Center, Inc.
36. WE ARE WOMEN ORG
37. Regroupement des Organisations de Femmes de Gressier et de Léogâne- (ROFGL)
38. Marie Denise Claude
39. Gabrielle Hyacinthe
40. Eunide Innocent
41. Evelyne Sainvil
42. Françoise Suzan
43. Marjorie Michel
44. Savannah Savary
45. Marie Margareth Fortuné
46. Sabine Martelly
47. Lyse Marie Dejean
48. Danielle Saint Lot
49. Marie Andrée Jasmine DUVIL
50. Lucie Marie Carmel PAUL-AUSTIN
51. Guerda AMAZAN
52. Marie- Andrée Saint-Aubin
53. Nerla ODIGÉ
54. Mauviette Jacques SÉVÈRE
55. Francine Mérisier CHARLES
56. Myriam Nerlande PROPHÈTE
57. Francis PAUL

POU OTANTIFIKASYON :

Pascale Solages — NÈGÈS MAWON
info@negesmawon.org | +509 3200-5959

Nathalie E. Vilgrain — Òganizasyon feminis MARIJÀN
communications@marijanayiti.org | +509 2810-4984